



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN ANVAN LÈ PWOJÈ LARI KONPLÈ KI KOUTE 5.7 MILYON DOLA NAN SARATOGA SPRINGS

Nouvo pis pou bisiklèt ak twotwa sou Union Avenue istorik la amelyore aksè nan Saratoga Race Course ak distri anba lavil vil la

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman pwojè 5.7 milyon dola, byen anvan lè ki te prevwa, ki te ajoute yon nouvo twotwa ak pis pou bisiklèt nan Union Avenue nan vil Saratoga Springs, sa ki amelyore sekirite epi amelyore aksè pou siklis ak pyeton yo nan Saratoga Race Course istorik ak la nan distri komèsyal anba lavil dinamik vil la. Pwojè a, ki te enkli nan travay asfalt Union Avenue, te planifye ak konsevwa pou atenn objektif inisyativ "Lari Konplè" Depatman Transpò (Department of Transportation, Department of State, DOS) Eta New York pou konsidere aksè ak deplasman an sekirite pou itilizatè wout la ki gen tout laj ak kapasite.

"Vil Saratoga Springs se youn nan destinasyon enkontounab nan pati nò Eta New York epi avèk amelyorasyon sa yo nou te rann li pi fasil pou rezidan yo ak vizitè yo eksplòre anpil cham li yo san yo pa oblije ap kondwi", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou agrandi aksè pou siklis ak pyeton atravè Eta New York, nou ka ede diminye emisyon gaz a efè sè yo pandan n ap ankouraje mòd wwayaj ki pi sen ak plis opòtinite lwazi ak touris, sa ki benefisye nou tout".

Union Avenue, ke yo rele tou State Route 9P, konekte ak Adirondack Northway (Interstate 87) nan Sòti 14, ki fòme youn nan antre prensipal nan Saratoga Springs ak ipodwòm istorik ki atire plis pase 1 milyon vizitè chak ane. Lyen wout la nan istwa kous chwal Saratoga a byen etabli. Nan ane 2022, Gouvènè Hochul te deziyen Union Avenue kòm "Marylou Whitney Way," nan non defen filantwòp ak eleman enpòtan nan kominote Saratoga a.

Kòm yon pati nan pwojè a, NYSDOT te enstale yon nouvo twotwa ki konfòm ak Lwa sou Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) yo sou bò nò Union Avenue pou konekte Polk Avenue ak Pòtay 16 New York Racing Association avèk East Avenue. Yo te pentire pis bisiklèt senk pye lajè yo nan tou de direksyon ant East Avenue ak Henning Road.

Yo te asfalte tou yon pati prèske senk kilomèt nan Union Avenue ant East Avenue ak pon sou Saratoga Lake epi yo te ajoute nouvo estrikti drenaj ant East Avenue ak Henning Road pou amelyore sikilasyon dlo lapli. Konstriksyon an te kòmanse nan mwa avril 2023 epi te sispann pandan sezon kous dete a pou minimize entèripsyon nan trafik. Travay la te fini byen anvan dat ki te pwograme pou sezon prentan 2024 la gras ak travay akselere pèsònèl ak kontraktè NYSDOT yo.

Pwojè Lari Konplè yo konsidere bezwen pyeton, siklis, pasaje transpò piblik, otomobilis, timoun, granmoun aje ak moun ki andikape yo. Konsepsyon Lari Konplè yo kontribye nan yon sistèm transpò ki pi pwòp ak pi adapte ak anviwònman an. An desanm, Gouvènè Hochul [te siyen lwa](#) pou bay plis sipò pou pwojè minisipal "Lari Konplè" yo atravè eta a.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann rezo transpò 21yèm syèk yo dwe ranfòse ak konekte kominote yo pandan y ap amelyore aksè pou tout itilizatè sistèm nan, kit y ap mache, pedale oswa kondwi. Pwojè Lari Konplè sa a nan Saratoga pral rann li pi fasil pou vizite kous istorik la ak lòt atraksyon nan bèl vil sa a san yo pa oblije kondwi, sa vle di mwens machin sou wout la, mwens emisyon gaz machin ak lè pi pwòp".

Senatè Eta Jim Tedisco te deklare, "Achèvman nouvo pis bisiklèt ak twotwa yo sou Union Avenue istorik nan bèl Saratoga Springs pral yon avantaj ki byenvini pou rezidan yo ak vizitè yo nan Spa City epi ede amelyore aksè san danje nan Saratoga Race Course ak anba lavil la. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak NYS DOT pou sipò yo pou inisyativ enfrastrikti enpòtan sa a nan 44yèm Distri Sena a".

Theodore T. Kusnierz, Jr., Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Saratoga, te deklare, "Konte Saratoga kontan anonse ansanm ak Gouvènè Hochul achèvman nouvo pis bisiklèt ak aksè pou pyeton amelyore sou Union Ave. istorik la. Pwojè sa a ofri nouvo opòtinite transpò san danje nan Saratoga Springs pou rezidan yo ak vizitè yo. Nou rekonesan anvè DOT Eta New York pou travay fèm yo nan fini pwojè sa a anvan dat ki te pwograme a".

Majistra Vil Saratoga Springs lan, Ron Kim, te deklare, "Nou kontan dèske nou te aplike nouvo pis bisiklèt ak twotwa sou Union Avenue. Travay modènizasyon sa a amelyore aksè a soti nan bèl zòn anba lavil nou an rive nan NYRA ak pou tounen. Mwen fyè de inisyativ Lari Konplè yo epi espere kontinye fè Saratoga Springs vin yon vil ki pi an sekirite ak pi konfòtab pou tout moun".

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele [511](#), vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Swiv DOT Eta New York nan Twitter: [@NYSDOT](#). Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYSDOT](https://www.facebook.com/NYSDOT). Pou resevwa twit ki soti nan DOT Eta New York Rejyon 1 (ki kouvri Rejyon Kapital la), suiv [@NYSDOTALbany](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)